7. Arnheim R. Film as Art, Berkeley: University of California Press, 2006, 183-bet.
8. Barkli P. Acting for the Camera, London: Methuen Drama, 2012, 91-bet.
9. Strasberg L. A Dream of Passion: The Development of the Method, New York: Plume, 1987, 48-bet.
10. Meisner S. On Acting, New York: Vintage Books, 1987, 96-bet.
11. Stanislavskiy K.S. Aktyorlik mahorati asoslari, Moskva: Iskusstvo nashriyoti, 2010, 157-bet.
12. Strasberg L. A Dream of Passion: The Development of the Method, New York: Plume, 1987, 102-bet.
13. Thompson A. The Art of Acting: A Modern Approach, London: Routledge, 2017, 189-bet.
14. Butler A. The Psychology of Acting, Cambridge: Cambridge University Press, 2020, 256-bet.

**REZYUME.** Ushbu maqolada kino aktyorligi san’ati, uning asosiy texnikalari va rivojlanish yo‘llari ilmiy nuqtai nazardan tahlil etilgan. Stanislavskiy, Meisner va Strasberg metodlari asosida aktyorlik mahoratini oshirish yo‘llari yoritilgan. Shuningdek, dunyo miqyosidagi mashhur aktyorlarning uslublari ham ko‘rib chiqilgan. Zamonaviy texnologiyalar va yangi metodlar kino aktyorligi san’atini rivojlantirishga qanday ta’sir ko‘rsatayotgani haqida ham fikr yuritilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье рассматривается искусство киноактёрской игры, основные техники и пути его развития с научной точки зрения. Освещены методы Станиславского, Мейснера и Страсберга, а также их влияние на мастерство актёров. Кроме того, анализируются стили известных актёров мирового уровня. Также обсуждается влияние современных технологий и новых методик на развитие киноактёрского искусства.

**SUMMARY.**This article analyzes the art of film acting, its main techniques, and development paths from a scientific perspective. It explores the methods of Stanislavski, Meisner, and Strasberg, focusing on their impact on acting skills. Additionally, the article examines the styles of world-renowned actors. The influence of modern technologies and new methodologies on the development of film acting is also discussed.

## ДУЎТАР ХАЛҚЫМЫЗДЫҢ КӨРКЕМ-ЭСТЕТИКАЛЫҚ ТАЛҒАМЫН ҚӘЛИПЛЕСТИРИЎДЕГИ ОРНЫ

**А.Шыныбеков –** *оқытыўшы*
*Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәдeният институты Нөкис филиалы*

**Таянч сўзлар:** мусиқа, чолғу асбоби, дутор, санъат, маҳорат.
**Ключевые слова:** музыка, музыкальный инструмент, дутар, искусство, мастерство.
**Key words:** music, musical instrument, dutor, art, craft.

Миллий фольклорымызда сөз ҳәм саз өнери ҳаққындағы рәўиятларында саз өнери инсан пайда болмастан, яғный адам атадан бурын-ақ пайда болып, инсанға жан бергенин айтып, саздың тәбиятындағы салыстырып болмас қүдиретин тәрийплеп *«Саз бенен сәўбетти ялған демеңлер, Адам ата бинят болғанда барды»* деп ўәсият етип кеткенинде мәзи айтылған әңгиме емес.

Қарақалпақ халық саз әсбабы ала мойнақ дуўтарды ҳәр қыйлы басқышларда шертип үйретиў ҳәм ҳәр қыйлы етип атқарыў, оларды белгили болған усылларда шертиўден ибарат болып есапланады.

Жас әўладты миллий ғәрезсизлик идеялары руўхында тәрбиялаў, қәдириятларымызды ҳәм миллий музыканы терең үйрениў, сондай-ақ, халқымыздың өзлигин аңлаў, өз үрп-әдетлерин сақлай билиўи, оларды тиклеп, қәстерлеп, жаңа өсип киятырған жас әўладқа жеткериў бүгинги күнниң әҳмийетли мәселелеринен бири болып есапланады. Жас әўладты миллий әдеп-икрамлылық қәдириятлар руўхында тәрбиялаўдың әҳмийетли қуралларынан бири сыпатында оларды ҳәр тәреплеме эстетикалық көркем талғам ийеси болып жетилисиўинде миллий музыка мийрасының саз әсбаплары арқалы таныстырып барыў айрықша әҳмийетке ийе.

Дуўтар тек Орта Азия халықлары, атап айтқанда, тәжик, уйғыр, өзбек, қарақалпақ, түркмен халықларында да кең тарқалған. Бул әсбапта миллий намалар менен бир қатарда, барлық сырт ел композиторлары тәрепинен жазылған ҳәр тәреплеме қурамалы шығармаларды да шеберлик пенен атқарыў мүмкин.

Дуўтарда шығармаларды өз бетинше үйрениў ҳәм оларды саналы түрде өзлестириў, атқарыўшы ушын сазенде танлаған кәсибин

сүйиўи, тынымсыз мийнет етиўи зәрүр болады. Дуўтар атқарыўшылық әмелиятында халық арасында кең қолланылатуғын саз әсбабы болып есапланады. Дуўтарды отырып ҳәм турып та шертилетуғын сазлардан бири болып, ансамбль атқарыўшылығында ҳәм жеке атқарыўшы, атқарыўшылықта көп қолланылады. Дуўтарды жақсы өзлестириў ушын атқарыў ўақтында дурыс услаў әҳмийетке ийе болып табылады. Атқарыў ўақтында атқарыўшының сыртқы көриниси ширайлы болыўы, геўдениң аяқ, қолды еркин тутыўы үлкен әҳмийетке ийе. Дуўтарды жақсы атқарыўшылық жағдайында жыллы шынығыўлардан-ақ үлкен итибар бериўи керек. Бунда оң ҳәм шеп қолдың ҳалаты, саз әсбабын дурыс услаў, қолларды дурыс услаў элементлериниң бир-бири менен өз ара қатнаста болыўын тәмийинлеў ең тийкарғы ўазыйпалардан бири болып есапланады.

«Аламойнақ» дуўтарымыздың жағымлы ҳаўазы өзинде сулыў сеслерди шығарып, музыкаларымыздың рәңбәреңлиги болса сазенделеримиздиң жоқары дәрежедеги шеберлиги деп ойлаймыз. Бундай жақсы атқарыўшылар ҳәм сазенделер әлбетте айрықша талант ҳәм көп излениўшилик мийнеттиң арқасында жетиседи. Мине, усындай шеберликтиң ажыралмас бир бөлеги, сес шығарыў усылларының сырларын қурайды. Музыка әсбабында сес шығарыў усылы соққы деп аталады.

Қарақалпақ халқының өткендеги көркем өнерин, сазенделик жолында устаздың шәкиртине үйретиў жолларын, тәлим-тәрбия нызамлылықларын үйрениў арқалы заман талабына сай сәйкеслеп, келешек әўлад тәрбиясында қолланыў.

«Қолына саз услаған адам, ҳеш ўақытта жаманлыққа бармайды» - дейди дана халқымыз. Қәниге дуўтардың дәслепки сесинен баслап, өзиниң еситиў қәбилетин үйренип барыўы, бармақлардың ҳәрекетлериниң өз ара байланыслылығына итибар бериўи зәрүр. Оқытыўшы, өз ўақтында студенттиң жыллы ҳәрекетлерин, дурыс отырыўына, дуўтарда бармақлардың жайласыўына айрықша итибар бериўи зәрүр. Төменге қарап шертилетуғын соққыларда бармақларды қосып төменге қарап шертиледи. Бул барлық шынығыўларда ҳәм музыкалық шығармаларда да кең пайдаланылатуғын соққылардың бири. Жоқарыға қарап берилетуғын урыўларда бас бармақ пенен жағасына қарап шертиледи. Қарақалпақ миллий музыкалары әсирлер даўамында раўажланыў жолында инсанның ишки дүнясын байытып барған ҳәм ҳәр қыйлы сазлар дөреткен. Бүгинги күнде усы излерди қәстерлеп, саўатлы рәўиште келешек әўладқа қалдырып кетиў ўазыйпамыздың бири болып есапланады.

Қарақалпақ халқы узақ әсирлерден бери өз турмысының айнасы сыпатында түрли жанрларда бай музыка мәдениятын ҳәм әдебий мийрасын дөреткен.

Қарақалпақ музыкалық мәдениятында, Орта Азияның басқа халықларындағы сыяқлы, өзиниң қурамалы ишки дүзилиске ийе болған тийкарғы қатламлары: дәстүрий музыка ҳәм Европа композиторлық дөретиўшилиги тийкарында раўажланған профессионал (жазыў)дың ҳәзирги заман музыка көркем өнери мысалында көз алдымызға келеди.

Атап айтқанда, қарақалпақ музыка турмысында фольклор ҳәм дәстүрий музыка көркем өнери жанрлары (бақсы, жыраў, қыссаханлық) ҳәм жаңа атқарыў жанрлары (симфониялық музыка, балет, опера) раўажланып бармақта. Қарақалпақ музыка мәденияты миллий аўызеки дөретиўшиликте жәмленген. Миллий музыка мәденияты музыканы сақлап қалыўшы дөретиўшилер - қосықшы, бақсы, қосықшы дуўтар әсбабы менен қосық ҳәм дәстанларды атқарыўшылар), гүррińши, жыраў, қаҳарманлық гүррińлерди баянлаўшы қыссаханлар тәрепинен көрсетиледи.

Студентте қосықшылық жаңғырығын дурыс шөлкемлестириў ҳаққындағы түсиникти раўажландырыў зәрүр. Билим бериў бәрқулла музка материаллары шынығиў, вокал ҳәм көркем шығармалар тийкарында алып барылады. Шынығыў бул билим алыўдың тийкарғы қуралы.

**Пайдаланылған әдебиятлар**

1. Алланазаров Д. «Қарақалпақ сазлары» (дуўтар). Билим баспасы. 2004-жыл.
2. Алланазаров Д. «Қарақалпақ миллий аламойнақ дуўтар сазендешилиги». Сабақлық. «Ғафур Ғулом» баспасы 2013 жыл.

**РЕЗЮМЕ.** Ёш авлодни миллий ахлоқий қадриятлар руҳида тарбиялашнинг муҳим воситаларидан бири сифатида уларни ҳар томонлама эстетик, бадиий дид эгаси бўлиб етишишида миллий мусиқа меросининг чолғу асбоблари орқали таништириб бориш ҳақида сўз боради.

**РЕЗЮМЕ.** Одним из важных инструментов воспитания молодого поколения в духе национальных нравственных ценностей является ознакомление его с национальным музыкальным наследием посредством музыкальных инструментов для развития всестороннего эстетического и художественного вкуса.

**SUMMARY.** One of the important tools for educating the younger generation in the spirit of national moral values is the introduction of national musical heritage through musical instruments to develop them into holders of aesthetic and artistic taste.

***KINO HÁM DRAMATURGIYA***

## JAŃA SPEKTAKLDE REJISSYORLÍQ TAPQÍRLÍQTÍŃ SÁWLELENIWI

**Darushova Darixa Kadirniyazovna** – *oqıtıwshı*
*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*

**Tayanısh sózler:** teatr, dramaturg, aktyor, rejissyor, spektakl, dóretiwshi, repertuar, dekoraciya.
**Ключевые слова:** драматург, театр, актёр, режиссёр, спектакль, создатель, репертуар, декорация.
**Key words:** theater, playwright, actor, director, play, creator, repertoire, decoration.

Qaraqalpaq mámleketlik jas tamashagóyler teatrınıń sońģı waqıtlardaģı dóretiwshiligine názer taslasaq, ondaģı spektakllerdiń túrli janr hám jańa usıllarda sahnalastırılıp atırģanına gúwa bolamız. Bunnan teatrda dóretiwshilik etip atırģan jas rejissyorlardıń óz ústinde jumıs islep, kásibi boyınsha izleniwler alıp barıp atırģanlıģı seziledi. Teatrda jańa metoddaģı spektakllerdiń tuwılıwınıń ózine jarasa sebepleri bar. Tiykarģı sebeplerdiń biri, tamashagóyler bir qáliptegi spektakllerden sharshadı. Bul sebep tamashagóylerdi teatrdan uzaqlastırģan edi. Búgin jańalıqqa qumar tamashagóylerdi ápiwayı usılda sahnalastırılģan ol yaki bul spektakller menen qızıqtırıw, teatrģa shaqırıw qıyın is bolıp qaldı. Sonıń ushın da búgingi kúnde rejissyorlarımız tamashagóylerdi teatrģa májbúriy túrde shaqırıp emes, óz qálewleri menen kelip tamashalaytuģınday spektakllerdi jaratıwģa bar kúsh-jigeri menen háreket etip atır. [1.623.]

Usınday spektakllerdiń biri, yaģnıy sahnalastırılıw forması aldınģılarına uqsamaytuģın jáne bir dóretpe teatrda júzege keldi. Sońģı waqıtları xalqımızdıń hám teatr ıqlasbentleriniń sheksiz alģıslarina miyasar bolıp atırģan Qaraqalpaq mámleketlik jas tamashagóyler teatrı Qazaqstanlı jas dramaturg Alisher Raxat qálemine tiyisli «Tuwılģan kúniń menen, anajan!» dramasın xalqımızdıń názerine usındı. Spektakldi teatrdıń bas rejissyorı Ómirbek Bekturģanov jańa usılda sahnalastırdı.

Spektakl baslanıp, perde ashılģanda dıqqatımızdı birinshi tartqan nárse sahna bezekleri, yaģnıy dekoraciya boldı. Úy intererindegi tereze, esik, hátteki diywaldıń yarımı joq, pútin emes. Sahna dekoraciyasın jaratqan xudojniktiń ne ushın bunday sheshimge kelgenin waqıyalar barısında túsinip jettik.

Waqıya bir úydegi úsh tuwısqan aģa-iniler arasında bolıp ótedi. Yaģnıy, tuwısqanlar keshki waqıt jumıstan keletuģın anasınıń tuwılģan kúni ushın jasırın túrde sawģa tayarlaydı. Jigitlerdiń ıqlas penen anasınıń tuwılģan kúnine tayarlanıw jaģdayları tamashagóyde súysiniw sezimin oyatqan bolıwı sózsiz. Óytkeni, olardıń háreketinen óz anasın qattı jaqsı kóretuģını, qádirlep-qásterleytuģını ayqın sezilip turar edi. Ana ushın tayarlanģan «syurpriz» – bul kiyim shkafı bolıp, waqıyalardıń rawajlanıwına usı shkaf tiykar boladı, yaģnıy shkaftıń uyge keliwinen túyin baslanadı.

Ózleri qurģan hám derlik tayın bolģan shkaftıń tuyaqların qatırıw waqtı kelgende onıń bir tuyaģı hesh jerden tabılmaydı. Joytılģan tuyaqtı izlep jigitler shır-pır boladı. Tabılmaģan tuyaq sebepli ana ushın sawģaģa alınģan shkaftıń urlıq jerden arzanlaw satıp alınģanı málim boladı. Sol sebepli Erdawlet (Rasul Tlemisov) penen Baģdawlet (Najimatdin Nuratdinov) urısa ketedi. Ájaģasınıń urlıq nárseni úyine alıp kelgenin bilgen Baģdawlet ashıw atına minip, ájaģası Erdawletke awır sózlerdi aytıp, onıń menen qasarısadı. Inisiniń betinen alıp turģanın kótere almaģan úydiń úlkeni Erdawlet Baģdáwletke erksiz qol kótergenin sezbey qaladı. Aģalarınıń jaģalasıp atırģanın kórgen genje bala Sırım (Beglan Qaypnazarov) huwshınan ayırıladı. Sebebi ol balalıģınan nawqas bolıp, jánjelli jaģdaylardı kóriw oģan usınday tárizde tásirin tiygizer edi. Waqıyalar rawajlanıwında gá jarasıp, gá tartısıp